

14

oktòb

Donk, tankou timoun Bondye renmen anpil, se pou nou imite Bondye. Efezyen 5. 1

Yo rekonèt Pyè ak Jan te avèk Jezi. Travay 4. 13

Kris te souffri pou nou tou. Konsa li kite yon modèl pou nou, dekwa pou nou ka swiv tras li.

1 Pyè 2. 21

Yon lonbraj Jezi ?

Maten an, pandan Jewòm te anreta pou li pran tren, li kouri travèse koulwa estasyon an. Nan estasyon an, li bouskile yon ti gason ki te gen yon jwèt pasyans tou nèf nan men li epi ti moso yo gaye atè a. Lè li wè ti gason an ap kriye, li fè yon ti kanpe, li rale souf epi li ede ti gason an ranmase tout ti moso yo. Ti gason an t ap gade l anpil. Lè yo te fin rasanble tout ti moso jwèt pasyans nan, li gade moun li pa menm konnen sa epi ak krent li mande l tou tranble : “Mesye, ou se Jezi ?”.

Nan moman sa, Jewòm pran konsyans ke ti aksidan sa petèt fè li pèdi tren an, men li te ba li okazyon pou li te tankou yon lonbraj Jezi.

Zanmi kretyen, èske nou pa ta dwe eseye, nou menm tou, pou nou imite Senyè nou an chak jou ? Lè yon moun se temwen pou Jezi Kris, se pa sèlman pale de li ni fè gwo bagay nan non li. Men se sitou repwodui nan lavi nou karaktè Jezi yo : jistis, bonte, imilite, konpasyon. Se li menm menm ki di nou : “Aprann nan men mwen, paske, kè m sansib, li dosil” (Matye 11. 29). Menm jan ak li, annou pran tan pou nou vire jwenn timoun yo, pou nou ba yo asirans, pou nou konsole yo, pou nou fè yo konnen lanmou Jezi a. Annou imite mèt nou an ki di nou : “Veye pou nou pa meprize menm youn nan pi piti sa yo” (Matye 18. 10).

14

octobre

Soyez donc imitateurs de Dieu comme de bien-aimés enfants. Éphésiens 5. 1

Ils les reconnaissaient pour avoir été avec Jésus.

Actes 4. 13

Christ a souffert pour vous, vous laissant un modèle, afin que vous suiviez ses traces. 1 Pierre 2. 21

Un reflet de Jésus ?

Ce matin, Jérôme, en retard pour prendre son train, traverse le hall de la gare en courant. Sur le quai, il bouscule un petit garçon qui tient à la main un puzzle tout neuf dont les pièces s'éparpillent sur le sol. Lorsqu'il voit l'enfant en larmes, il hésite, refoule un soupir et aide le petit garçon à ramasser tous les morceaux. L'enfant l'observe intensément. Quand ils ont rassemblé toutes les pièces du puzzle, il regarde cet inconnu avec un peu de crainte et lui demande en hésitant : "Monsieur, tu es Jésus ?".

À cet instant, Jérôme prend conscience que ce petit incident lui a peut-être fait rater le train, mais lui a permis d'être comme un reflet de Jésus.

Amis chrétiens, ne devons-nous pas essayer, nous aussi, d'imiter notre Seigneur chaque jour ? Être un témoin de Jésus Christ, ce n'est pas seulement parler de lui et faire des actions d'éclat en son nom. C'est surtout reproduire dans notre vie les caractères de Jésus : justice, bonté, humilité, compassion. Il nous dit lui-même : "Apprenez de moi, car je suis débonnaire et humble de cœur" (Matthieu 11. 29). Comme lui, prenons le temps de nous tourner vers les petits, de les rassurer, de les consoler, de leur faire connaître l'amour de Jésus. Imitons notre Maître qui nous dit : "Gardez-vous de mépriser un de ces petits" (Matthieu 18. 10).